# Сочинение

# «Дир хирияй муг1алим !»


## Автор:Магомедова Г1айшат

-Буртабазул гьоркьохъеб школалъул 11-абилеб классалъул ц1алдохъан.


**Буртунай -2018 сон**

Сочинение

Дир хирияй муг1алим!

Огь, мун маг1арул мац1, пикрабазул хан.

Халкъалъул мун эмен, аваразул ях1,

Х1урмат дур гьабич1ел маг1арулазул

Г1амал- хасиятги хун унеб буго.

Т1адег1анаб даражаялда тарбия-лъайги кьун, Ват1аналъе ва халкъалъе мунпаг1ат бугел г1олилал х1адур гьари муг1алимасул ц1акъго жавабияб х1алт1и бук1ин лъалеб жо буго. Халатккураб заманалда гьеб ишалда х1алт1арав чиясул рек1елъ цо хасаб рохелги ч1ух1иги бук1унин ккола.

Аза-азар ц1алдохъанасулгун бухьенги гьабурай, чанго азарго дарсги кьурай нижер рахьдал мац1алъул муг1алимлъун ккола Загьра Расуловна. Гьей йиго киназдехунго цого къаг1идаялдалъун рак1 рагьарай, г1едераб каламалъул , лъик1аб г1амал-хасияталъул , г1адамазеги лъималазеги бегьулебщинаб кумек гьабулей, рокъоб рохел яги пашманлъи ккаразда аск1ое хехго щолей лъик1ай инсан. Гьелъ нижелъ бижизабун буго маг1арул мац1алде к1удияб рокьи.

Лъараг1лъуде щведал, росу хисидал,

Хисула цо-цояз г1амалги мац1ги.

Калам чидар бицун, Ват1ан к1очон тун,

Хьвадула ракьалда борхун бет1ергун.

Гьелъул дарсаз гьабула нижее к1удияб асар. Бижинабула дарсиде к1удияб рокьи.

Расги нечеч1ого, рокъоб хъизаналъ,

Хъурула г1урус мац1, т1убан лъалареб.

Лъималаздеги гьез рахьдал мац1ги тун,

Малъула гьадабго, гьеб лъазе кколин.

Яц1ц1адай, рит1ухъай, г1одойиччарай, лъай бугей йиго дир. Нижеца суалал кьезе бокьула гьелъие. Мух1канаб, гъваридаб жаваб кьола дир муг1алималъ бокьараб суалалъе.

Нижер Загьра Расуловна йиго махщел камилай муг1алим. Щай гурелъул гьелъ х1аракат бахъула жиндаго лъалебщинаб нижедаги малъизе.

Гьелъ дарсазда т1орит1улел бат1и-бит1иял х1алт1абаз, х1аяз ниж г1ажаиблъизарула.

Гъоркьиса гьей яч1ана бергьенлъиги босун «Авар мац1алъул бищунго лъик1ав муг1алим» абураб къецалдаса,г1ахьаллъана т1адег1анаб даражаялда республикаялъул къецалдаги.

Дир муг1алималъул дарсихъ г1енеккиз рес щвана нижее гуребги цогидал дагъистаналъул лъималазул къокъаялъеги. Гьелъ кьураб дарс телевидениялъги бихьизабулеб бук1ана. Нижер талих1 бук1ун буго: гьединай муг1алималъ дарсал кьолел рук1ун.

Муг1алим абураб ц1аралъе гьей мустах1икъай йиго. Гьелъие кьуч1лъун ккола Загьра Расуловнаялъул ц1алдохъабаз районалъул ва республикаялъул олимпиадазда росулел бак1ал. Гьеб гуребги, гьелъул рук1арал ц1алдохъабаз г1умруялъулъ ккурал тари гьеч1ел нухал. Гьале гьанже, абизе бегьула, цониги къо унарин дир муг1алималде гьелъул рук1арал ц1алдохъаби щвезе рач1инч1ого. 21 февралалда нилъеца к1одо гьабула Халкъалда гьоркьосеб рахьдал мац1алъул къо. Гьеб къоги дир муг1алимги к1одо гьаюн, гьелде щвезе рач1ана рахъ-рахъалдаса гьелъул ц1алдохъаби. Жегиги буго столалда т1ад к1удияб т1огьол квац1и гьелъие бач1араб.

Гьеб ккола гьей рак1бац1ц1адай г1аданалдехун бугеб к1удияб рокьул г1аламат.

Аслияб мурадлъун дир муг1алималъ рик1к1уна инсан рак1бац1ц1адавлъун, г1акълу бугевлъун куцай. Гьеб рахъалъан дир муг1алим парахат йик1ине бегьила, щай гурелъул гьелъ куцан руго унго-унгоял г1адамал.

Муг1руца куцарай, дир маг1арулай,

Мун юх1улеб ц1ани жеги бакич1о.

Г1аданлъи борхатай, чилъи ц1унарай,

Т1абиг1ат берцинай ,дир маг1арулай.

Гьединайлъун ккола нижер муг1алим. Хирияй дир  муг1алим,  даимго хут1ила мун нижер рак1азулъ. Кьейги дуе талих1, тайги мун ч1аго, чанги ниж г1адазе тарбия кьезе.